ORIGINAL ARTICLE

INTERNATIONAL JOURNAL OF ARTIFICIAL INTELLIGENCE

ISSN: 2692-5206, Impact Factor: 12,23
**American Academic publishers, volume 05, issue 06,2025**

Journal: https://www.academicpublishers.org/journals/index.php/ijai

# ADAM ATLARÍNAN JASALǴAN TOPONIMLER (SHIMBAY RAYONÍ MÍSALÍNDA)

***Nıyazımbetova Gulayxan,***
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Annotaciya:**Maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Shımbay rayonı aymaǵında jaylasqan toponimlerdiń jasalıw máselesi sóz etilgen. Tema mazmunın ashıp beriw ushın toponimlerdiń júzege keliwine jańa at jasawda ózge tillerden ózlestiriw usılı bar ekenligi anıqlanǵan. Adam atlarınan jasalǵan toponimlerge túsinikberilgen.
**Annotatsiya:**Maqolada Qoraqalpog'iston Respublikasi Chimboy tumani hududida joylashgan toponimlarning yasalish masalasi so'z etilgan. Mavzuni yoritish uchun toponimlarning vujudga kelishida yangi nom yasashda o'zga tillardan o'zlashtirish usuli mavjudligi  aniqlangan. Odam otlaridan yasalgan toponimlarga tavsifnoma  berilgan.

**Аннотация:**В статье рассматривается вопрос образования топонимов, расположенных на территории Чимбойского района Республики Каракалпакстан. Для прояснения темы было установлено, что при создании новых названий в возникновении топонимов имеет место метод заимствования из других языков. Топонимы, образованные от человеческих имен, снабжены описательным текстом.

**Abstract:**The article deals with the issue of the formation of toponyms located in the territory of the Chimboy district of the Republic of Karakalpakstan. To shed light on the topic, it was revealed that in the formation of toponyms, there is a method of borrowing from other languages in the formation of new names. A description is given to toponyms formed from human names.

## Tiykarǵı bólim

Shımbay toponimleri basqa regionlardaǵı atamalar sıyaqlı usı orındaǵı xalıqtıń sóylew tili tiykarında payda bolǵan. Olardıń payda bolıwı hám ózgeriwi sol aymaqtaǵı xalıqtıń tarıyxı, tili, úrp-ádeti, ósimlik hám haywanat dúnyası, adam atları menen tıǵız baylanıslı. Kórsetilgen orındaǵı geografiyalıq atlardıń kópshiligi uzaq jıllardan berli bolıp, olar xalıq turmısında júz bergen tarıyxıy waqıya qubılıslardıń ataması sıpatında saqlanıp qalǵan.

Shımbay toponimikalıq sisteması ózine tán ózgesheliklerge iye Rayonda kópshilik túrkiy tiller ushın ortaq atlar da, Orta Aziyada túrkiy tillerge tán atlar da, al ayırım jaǵdaylarda tek usı rayon ushın tán atlarda ushırasadı.

Jer atların adamlardıń ismi, familiyası hám laqabı menen ataw eski tariyxqa iye. Sebebi belgili bir geografiyalıq obektti adam atları menen ataw Oraylıq Aziya ellerinde eskiden dástúrge aylanǵan. Antropotoponimniń toponimika menen baylanısı erteden kiyatırǵan tariyxıy qubılıs. Antroponimler tiykarında jasalǵan toponimler antroponegiz, antroponimikalıq negiz dep ataladı.

Adam atlarınıń toponimlerge ótiwi haqqında E.M.Murzaev bılay deydi:

"Elatlı punktlerdiń atamalarında adam atları, familiyaları, laqapları kóbirek qatnasadı". Z.Dusimov bul processtegi bir qansha faktorlardı kórsetken. Aldı menen bul jaǵday eski sistemanıń bir-biri menen bolǵan qatnası, olardıń belgilerinen kelip shiǵadı.

Anrtopotoponimlerde toponimler sıyaqlı obektti individuallastıradı olardı bir birinen ajıratatuǵın sociallıq-lingistikalıq belgilerdi emes, ayırım waqıtlarda olar adamlardıń etnikalıq

ISSN: 2692-5206, Impact Factor: 12,23
**American Academic publishers, volume 05, issue 06,2025**

Journal: https://www.academicpublishers.org/journals/index.php/ijai

belgisi, milliy ózgesheliklerin de kórsetiwshi belgi bolıp tabıladı. N.Uluqovtıń kórsetiwinshe, antropotoponimlerdiń qáliplesiwinde geografiyalıq obekttiń atın bildiriw, sol obekttiń belgili bir adamlar tárepinen payda bolıwı, adamlar ushın xizmet etiwi hám tikkeley insan ómiri menen baylanısı úlken áhmiyetke iye. Bul jağdaydı V.A.Nikonov feodalizm dáwirinde, jerge iyeliktiń kúsheyiwi menen baylanıstıradı. Al bazı izertlewshiler antroponimniń toponimge ótiwi eski qubılıs dep biledi:

Antroponimika hám toponimika tarawları táriyxıy bir biri menen baylanıslı. Sebebi bir qatar antroponimler toponimler tiykarında payda bolğan, al kópshilik toponimler bolsa adam atlarınan jasalğan. Antropotoponimler payda bolıwında tórt túrli faktor sebep boladı:

1. Obektti payda etken, onıń qáliplesiwi ushın sebepshi bolğan adam atı menen ataladı;

1. Obekt oğan iyelik etiwshi adam atı menen ataladı;

2. Adam ideyalastırıladı yaki ilaxiylestiriledi hám qandayda bir obekt onıń atı menen atala baslaydı;

4. Adam atı rásmiy kórsetpe yáki qarar tiykarında obektke atama etip beriledi.Ásirese, usı tórtinshi jağday ğárezsizlik almastan burın kúshli háwij alğan hám mamlekettiń toponimikalıq siyasatına aylanğan edi.

Anrtoponimlerdiń tariyxiy tiykarları, etimologiyalıq tipleri jer-suw atların ańlatıw ózgeshelikleri boyınsha arnawlı jumıslar islendi hám olarda antroponimler, antropotoponimler semantikalıq hám strukturalıq jaqtan tańlaw islengen. D.S.Nasirov hám L.S.Tolstovlardıń maqalasında qaraqalpaq antroponimleri haqqında aytıladı. Qaraqalpaq antroponimler sistemalı túrde O.Sayımbetovtıń hám Yu Xojalepesovanıń izertlewlerinde hár tárepleme analizlengen. O.J.Yusupov “Alpamis” dastanındağı Alpamıs, Baybóri, Ashim antroponimlerine hám dastandağı “Qońırat” etnonimine pikirin bildirgen. Al Qaraqalpaqstannıń arqa rayonları gidronimlerin úyrengen. Bizde antroponimniń toponimge ótiwi eski qubılıs degen pikirdemiz. Sebebi rayon toponimiyasında ótken ásirde jasap ótken Erejep tentek atı menen atalğan antropogidronim, antropooykonim, antroponikronimler bar: Erejep baba kóshesi, Erejep baba qábirstanı, Erejep salma.

Shımbay rayonında adam atları, familiyaları, laqaplardan jasalğan toponimler san jağınan aymaq toponimleriniń tórtten birin, yağniy 50%in qurap, etnotoponimlerden keyingi orında turadı. Olardıń kópshiligi tilimizdiń sózlerinen jasalğan. Sonday-aq, olardıń quramında basqa tillerden kirgen sózler de ushırasadı.

Antroponimler dunyanıń kópshilik orınlarında bolğanı kibi óziniń tiykarğı formasın saqlap qalğan. Sonıń menen birge, óziniń tez hár qıylı sırtqı faktorlar nátiyjesinde tásirge ushırağan jağdaylarıda bar. Buğan sebep toponimler dáslep adam atları menen birge qollanıladı. Biraq, waqıttıń ótiwi menen adamnıń kásibi, laqabı menen baylanıslı antropotoponimlerdegi adam atı xalıqtıń sóylew tilinde túsirilip, tek laqap yáki kásip atı toponim funkciyasın atqarıwı múmkin. Bul toponimikadağı tábiyiy qubılıs. Maselen, rayondağı Xalmurattópe(awıl) anropotoponimi xalıqtıń awızeki sóylew tilinde Tópeawıl túrindede qollanıladı. Yağnıy jergilikli xalıqtıń awizeki sóylew tilinde toponim quramındağı adam atı (Xalmurat) túsirilip aytılsa da usı orın túsinilip kete beredi.

Shımbay toponimiyasında kóp ğana antropotoponimler bar bolıp, aymaq toponimiyasınıń salmaqlı úlesin quraydı. Kórsetilgen orında 389 antroponimnen 431 antropotoponim jasalğan. Olar antropooronim, antroponekronim, antropoagronimler túrinde qollanılğan. Biz olardı rayon toponimleriniń quramındağı antroponimdi tómendegi túrlerge bólip qaraymız.

ORIGINAL ARTICLE
INTERNATIONAL JOURNAL OF ARTIFICIAL INTELLIGENCE
ISSN: 2692-5206, Impact Factor: 12,23
American Academic publishers, volume 05, issue 06,2025
Journal: https://www.academicpublishers.org/journals/index.php/ijai

**Adam atlarınann payda bolǵan toponimler.** Shımbay toponimleriniń ishinde jeke adam atınan payda bolǵan antropotoponimler salmaqlı orın iyeleydi. Olar sol jerge birinshi qonıs basqan adamnıń ismi menen sol geografiyalıq obekttiń belgili bir adamǵa tiyisli ekenligin bildirgen yamasa atalǵan. Erterekte payda bolǵan antropotoponimler jeke adam atlarınan jasalıp, sol jerdegi basqarıwshı adamlardıń, dáslepki qonıs basqan adamnıń atı menen atalǵan. Olardı úyrenip qaraǵanımızda qurılısı jaǵınan olardıń hár dáwirge tán ekenin baqlaymız. Óytkeni hár bir adam atı óziniń payda bolǵan dáwirine baylanıslı. Házirgi túrkiy xalıqlar tilindegi adam atlarınıń qurılısı, jasalıw usılları eski túrkiy adam atlarımıń tipine uqsas. Olardıń forma sáykesligi jasawdaǵı eski dástúrlerdiń biziń dáwirimizge shekem jetip, saqlanıp otırǵanın kórsetedi.

Solay etip, Qaraqalpaq antrotoponimleriniń tariyxıy derekleri erte dáwirlerden baslanıp olardıń quramı jámiyettiń ózgeriwine hám hár qıylı tillerdiń tásirine baylanıslı ózgerip hám rawajlanıp kelgen. Usınday jaǵdaylarǵa tiykarlanıp, izertlenip atırǵan aymaqtaǵı antropotoponimlerdi shıǵısı boyınsha tómendegi toparlarǵa bólip qaradıq:

1) Túrkiyshe hám monǵolsha adam atlarınan jasalǵan toponimler;
2) Arabsha hám parsısha adam atlarınan jasalǵan toponimler;
3) Qazaqsha isimlerden jasalǵan toponimler.
4) Russha adam atlarınan jasalǵan toponimler.

**Túrkiyshe hám monǵolsha adam atlarınan jasalǵan toponimler.** Túrkiy tillerde, sonday aq qaraqalpaq tilindegi adam atları quramında kóplegen etnografiyalıq maǵlıwmatlar bar ekenligin kóremiz. Bunıń ózi túrkiy xalıqlardıń úrp ádeti, dástúrleri hım til uqsaslıǵınıń ortaq ekenliginen bolsa kerek. Orta aziya, sonday-aq túrkiy xalıqlardıń isimleri mazmunı ham forması jaǵınan bir birine júda uqsas. Bunıń baslı sebebi tariyxıy qarım-qatnastıń, mádeniy baylanıstıń, úrp-ádetleriniń biri bolıwı.

Qaraqalpaq adam atlarınıń tiykarǵı bólegi túrkiy hám monǵol tilleriniń sózlerinen jasalǵan isimler quraydı. Sonıń ushında izertlenip atırǵan aymaqtaǵı antropotoponimlerdiń quramında túrkiyshe adam atları kóplep ushırasadı: Bazarjer, Júginisjer, Bawbeksalma, Bekbergen kálem, Bekbaykólem, Bekbayqum, Baltabayjap, Orınbayjap, Óskinbayjer, Baltabaydıń tamı, Qutıbay awıl, Tórebay salma, Táreniyaz axun qoyımshılıǵı, Tórebayjer, Kunxoja kóshesi, Berdaq kóshesi.

**Arabsha hám parsısha adam atlarınan jasalǵan toponimler.** VII-VIII ásirlerde Orta Aziyanı arablar jawlap alıp, onda jasawshı xalıqlar menen siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy baylanısta bolǵanlıǵı bizge belgili. Bul baylanıs onıń tillerinde arabsha sózler kóplep otın aldı. Degen menen házirgi qaraqalpaq tiliniń leksikasındaǵı arabsha sózlerdi mına waqıtta kelip kirgen dep anıq aytıw qıyın. Bul sózler, tiykarınan, qońsı xalıqlardıń tilleri, sonday-aq diniy kitaplar, klassikalıq ádebiyat arqalı kelip kirgen.

Rayon antrotoponimleriniń qatarında arabsha adam atlarınan jasalǵan mınaday toponimler ushırasadı: Allamurat salma, Allaniyaz salma, Allanazarqum, Axmet suwshı, Allamuratawıl, Ájiniyza kóshesi, Ámetoy, Bekbayqum, Saparkól, Sabırsalma, Saparniyazjap, Saparbay kópir, saparǵulsalma, Sapar axun qábiristanı, Mádiyarjurt, Ziywar bólik, Reymbekjer, Sayıpbekjer, Taxiratdin áwliyesi, Alawatdin salma, Qurban awıl, Yaxiya ishan qoyımshılıǵı,.

Qaraqalpaq tiliniń quramında parsı tiliniń sózleri de kóplep ushırasadı. Parsı tiliniń qaraqalpaq tiline tásiri tuwralı izertlewshiler ózleriniń bahalı pikirlerin bildiredirgen. Izertlenip atırǵan aymaqta parsısha adam atlarınan jasalǵan toponimler de kóplep ushırasadı: Alimbetjap,

ISSN: 2692-5206, Impact Factor: 12,23
American Academic publishers, volume 05, issue 06,2025

Journal: https://www.academicpublishers.org/journals/index.php/ijai

Áliysalma, Erjankól, Nazarkól, Nuratdinjer, Nurniyazjer, Qudaybergenjap, Qudaynazarkólem, Farxad kóshesi, Xojaniyazkól, Xojakól.

**Qazaqsha atlardan jasalǵan toponimler**. Rayon aymaǵında 10nan aslam millet wákilleri jasaydı. Olardıń ishinde qazaq milletinen bolǵan xalıq belgili orındı iyeleydi. Kórsetilgen orındaǵı adam atınan kelip shıqqan antrotoponimler sol elatlı punkttiń qáliplesiwine sebepshi bolǵan adamdı yamasa onıń jasaw jerine jaqın jaylasqan geografiyalıq obektti ańlatıp kelgen.

Rayonda 6 túrli qazaqsha attan payda bolǵan 11 antrotoponim qollanıladı. Mısalı, Amanqossalma, Bayjenawıl, Bayjensalma, Boqayqum, Qartjansalma, Sarmanawıl, Sarmanjap, Tastenjap, Shaxaman.

**Russha ismlerden jasalǵan toponimler.** XX ásirden baslap rus tili arqalı basqa tillerden kirgen adam atlarınıń qoyılıwı da úrdiske aylana basladı hám russha antroponimler menen tolısıp bardı. Burıngı awqam dáwirinde elimizdiń ekonomikalıq, siyasiy, mádeniy tarawlarında rus tiliniń tásiri kúshli boldı. Sol tiykarda rayonda russha jer suw atlarında payda boldı. Olardıń kópshiligi burıngı awqam dáwirinde qollanılǵan bolsa, házirgi kúnde mamleketimiz ǵárezsizlikke eriskennen keyin milliyligimizge tán bolǵan atamalar menen ózgertildi. Degen menen bul aymaqta russha adam atlarınan jasalǵan 2 antrotoponimler ushirasadı: Andreyjap, Sergeyjap.

**Laqaplardan jasalǵan toponimler.** Tilimizde rásmiy atları menen bir qatarda, laqaplar da bar. Olar qaraqalpaq antroponimiyası sistemasında ayrıqsha orın tutadı hám qaraqalpaq tilinde erte dáwirlerden-aq qollanılıp kelmekte.

Laqaplar kópshilik waqıtta adamnıń atı menen birge, bazıda jeke túrinde adamnıń atı xızmetinde jumsaladı. Laqap adamnıń filologiyalıq hám psixologiyalıq belgilerine saykes, geyde isleytuǵin kásibine baylanıslı xalıq tárepinen qoyıladı. Óytkeni xalıq óziniń arasındaǵı, óz jámiyetindegi adamǵa sınshı, kemshiligin bayqaǵısh. Sonlıqtan onday laqaplar kóbinese ózgermeydi, turaqlı bolıp keledi.

Laqaplar adamnıń shın atı menen birge ómir súredi. Olardıń biri ábden qáliplesip, adamnıń haqıyqıy atına aylanadı hám sol adamnıń ómiri menen birge ketedi. Al, ekinshi biri, biraz waqıt aytılıp júrgennen keyin umıtılıp qaladı. Bunday jaǵdayda adamnıń burıngı atı saqlanıp qaladı. Geybir laqaplar adamnıń shın atı menen birge aytılıp qollanıwdan shıqpaydı. Olar usı qálpine kelip, bir tutas adam atın bildiredi.

Onamastikada adam atları menen birge qollanılatuǵın laqaplardı úyreniw hám olardı analizlew boyınsha bir qatar ilimiy izertlew jumısları islendi. Maselen, ózbek tilindegi laqaplardı Í.Bematov máni hám motivine qaray 10 toparǵa ajıratıp klassifikaciya jasaǵan. Al, S.Raximov Xorezm aymaqlıq antroponimlerin úyrener eken, laqaplardıń Xorezm xalqı tilinde ushıraytuǵın kórinislerin 5 toparǵa bólip qaraǵan. Yu.Xojalepesova qaraqalpaq tilindegi laqaplardı adamnıń sırtqı kórinisi, minez-qulqı, sociallıq jaǵdayı, ómirindegi qandayda bir qubılıs yamasa jaǵdaylar, qural-saymanları, sociallıq belgileri boyınsha toparlarǵa bólip úyrengen.

Shımbayda adamnıń hár qıylı belgileri tiykarında payda bolǵan laqaplardan jasalǵan toponimler qollanıladı. Toponimlerdiń quramında laqaplardan jasalǵan mikrotoponimler rayonda az sanda ushırasadı. Olardı mánilik túrlerine qarap tómendegi túrlerge ajıratamız:

**a) Adam atı menen laqaplardan jasalǵan antropotoponimler.**

Milliy dástúrler tiykarında qoyılǵan laqaplardan jasalǵan toponimler bunday toponimler xalıqtıń úrp-ádetleri menen baylanıslı. Máselen, tabu sózler laqaplardıń payda bolıwına tiykar boladı. Rayondaǵı Shuberekkól toponimi adam atı (Shınıbekkól) tiykarında kelip shıqqan.

ISSN: 2692-5206, Impact Factor: 12,23
**American Academic publishers, volume 05, issue 06,2025**

Journal: https://www.academicpublishers.org/journals/index.php/ijai

**b) Adamnıń atı menen laqabınan jasalǵan antropotoponimler.**

Kórsetilgen orındaǵı antropotoponimlerdıń bir toparı adamlardıń adam atı yamasa laqapları tiykarında payda bolǵan. Olarda laqaplardıń aldında adamnıń atı qosılıp aytılǵan. Biraq dáwirler ótiwi menen ondaǵı adam atı túsip qalıwı múmkin.

Kásibine qarap qoyılǵan laqaplardan jasalǵan toponimler Qudaybergen kónshiniń jurtı, Shoyınshı kól.

Adamlardıń dareje, minez-qulqı menen baylanıslı laqaplardan jasalǵan toponimler: Ernazar ala kóz kóshesi, Sasıq biy qábiristanı, Serjan ǵawqıldaqtıń awılıl.

Tuwılǵan jerine qatnaslı laqaplardan jasalǵan toponimler: Rayon aymaǵındaǵı Xalmurattópe toponimindegi tópe komponenti ózgerislerge ushırap usı adamnıń tuwılǵan jerinde biylik orınǵa qatnaslı aytılǵan hám xalıq arasında laqapqa aylanǵan. Házirgi kúnde bul elatlı punkt Xalmurattópe, Tópeawıl túrinde ekewide teńdey qollanıladı.

**Familiyalardan jasalǵan toponimler.** Antropotoponimlerdiń bul túri Shımbay aymaǵındaǵı toponimlerde de óz kórinisin tapqan. Rayonda familiyalardan jasalǵan toponimler revolyuciyadan sońǵı jıllarda payda boldı. Olar sol jerge iyelikti bildirmeydi. Tek usı territoriyada tuwılǵan, jasaǵan elimizge belgili jámiyetlik ǵayratker, urıs hám miynet veteranı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikası qahramanı, belgili kórkem sóz sheberleri bolǵan jazıwshı, shayır, awıl xojalıǵınıń túrli tarawlarında xızmet kórsetken, belgili xızmekerlerdiń ismin mágilestiriw ushın qoyılǵan memoriallıq toponimler esaplanadı. Rayondaǵı kóshe, gúzar jollardıń atlarına qoyılǵan bunday toponimler qaraqalpaqsha, ózbekshe hám russha familiyalardan kelip shıqqan. Rayon toponimiyasında olar kólemli orın iyeleydi. Máselen, A.Dosnazarov kóshesi, J.Hamidullaev kóshesi, Q.Ayımbetov kóshesi, Q.Áwezov kóshesi, I.Yusupov gúzarı, S.Nurımbetov kóshesi, A.Dabilov kóshesi, Sh.Musaev kóshesi, J.Qaraqulov kóshesi, U.Bekimbetov kóshesi, Patullaev nasos salma, Axunbabaev bólim, Kuybishev bólim, Kirovasha, Kirov bólim, Frunze bólim.

Rayonda atı yáki familiyası menen orın atları qatar kelgen 3 qospa toponim qollanıladı: Qazanketken-Shaxaman jolları, U.Yusupovs-Tazajol jolı, Shımbay-Mayjap-P.Seytov jolları.

Biz joqarıda keltirilgen mısallardan kórinip turıptı Shımbay rayon aymaǵındaǵı toponimlerdiń basım kópshiligin antropotoponimler quraydı. Olar ózleriniń payda bolıw dáwirleri, atalıw sebepleri menen bir birinen ajıratıladı. Rayondaǵı antropotoponimler adamlardıń geografiyalıq obekt penen qatnası, oǵan iyelik etiw, sol obektti payda etiw sıyaqlı dıliller tiykarında qáliplesken. Bul jerde hár qıylı millet wákilleri aralas jasaǵanlıqtan, rayondaǵı jer-suw atları quramında shıǵısı túrkiyshe, arabsha, parsısha, qazaqsha hám russha adam atlarınan bolǵan antropotoponimleri ushırawı tábiyiy. Olar rayondaǵı gidronimler, oykonimler quramında qatnasqan.

Juwmaqlap aytqanımızda, Qaraqalpaqstan Respublikası Shımbay rayonı toponimleri jasalıw jaǵınan hár túrli hám óz ornında quramalı esaplanadı. Orın atamaların úyreniw sol úyrenilip atırǵan awıl, rayon, qala, wálayat, Respublikanıń geografiylıq jaylasıwı xalıqtıń ózine tán turmıs-tárizi haqqında da maǵlıwmatlar alıwımızǵa da imkan beredi.Sonlıqtan da toponimlik izertlewlerdi toqtatpay keńeytiw lazım.

**Ádebiyatlar:**

1. Бегматов Э. Жой номлари – маънавият кўзгуси. –Тошкент,1998. –Б.33-34.

2. Ǵulomov.P Juǵrofiya atları va tushunchalari izohli luǵoti.- Toshkent: Óqituvshi, 1994. B-84.

ISSN: 2692-5206, Impact Factor: 12,23
**American Academic publishers, volume 05, issue 06,2025**
Journal: https://www.academicpublishers.org/journals/index.php/ijai

3. Dusimov Z. Egamov X. “Jer atamalarınıń qısqasha túsindirme sózligi”-Nókis:Bilim, 1991.B-25.
4. Qoraev S. Ǵulomov P, Raximbekov P. Geografiyadan izohli luǵot. Toshkent:Óqituvchi, 1979.B-30
5. Qudiyarov A, Raxmatullaev M. “Shımbay tariyxı haqqında”. – Nókis: Qaraqalpaq mamleketlik Universiteti, 2013. B-10
6. Qunnazarov Q. Qaraqalpaqstannıń qala hám rayonları. –Nákis: Qaraqalpaqstan, 2016. B-45-55